



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY NAN TOUT ETA POU LITE KONT OBEZITE

Komisyonè Sante pa entèrim Eta Doktè. Zucker te dirije yon vizit edikasyon toupatou nan Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje Nouyòkè yo pou ede lite kont obezite pandan 20^{yèm} anivèsè wikenn nasyonal Sante Piblik la, sa kap kòmanse jodia, 6 avril. Obezite, se dezyèm koz lanmò ke yo ka evite nan peyi a, te rive egalman nan nivo epidemi nan Eta New York. Komisyonè Sante pa Entèrim Eta Doktè. Howard Zucker pral dirije yon vizit nan tout eta pou vizite òganizasyon yo kap travay sou inisyativ nan tout kominote yo kap adrese pwoblèm obezite ak manke nan aktivite fizik.

“Obezite rete yon defi sante piblik nan Eta New York, e jodia nap pran nouvo etap pou ede nan lite kont epidemi sa a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lite kont obezite kòmanse avèk aprann chwa manje ki ansante epi angaje nan aktivite fizik, e semèn sa a nap montre mesaj sa nan kominote yo toupatou nan eta nan kad efò pou bati yon New York ki pi ansante.”

Anplis de yon vizit nan tout eta, Depatman Sante eta pral bay tou konsèy sou sante atravè medya sosyal anba hash tag #GetFitNYS. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou rete ansante ak manje bon jan kalite manje vizite: <http://www.health.ny.gov/GetFitNYS>.

Nan Eta New York, 25.4 pousan adilt obèz ak yon lòt 35.9 pousan moun ki gen twòp pwa, sa ki afekte apeprè 8.7 milyon moun. Obezite ak moun ki gen twòp pwa afekte 40 pousan elèv nan lekòl piblik nan Vil New York ki gen laj 6-12 ane ak 32 pousan nan elèv yo toupatou nan rès eta.

Komisyonè Sante pa entèrim Eta Doktè. Howard Zucker te deklare, “Rete aktif nan laj retrèt ou non sèlman enpòtan nan lite kont obezite, li kontribye a pi bon sante anjeneral grasa fòs ki amelyore, balans ak kowòdinasyon. Lè nou konbine opòtinite pou aktivite fizik avèk resous kap ede bati yon rejim ki pi nitritif, Club 99 ap bay granmoun aje Konte Erie yo zouti yo bezwen pou kontinye viv ansante ak nan endepandans.”

Obezite ak moun ki gen twòp pwa ka koze pwoblèm sante grav, sa ki gen ladan dyabèt

tip 2, maladi kè, estwok, opresyon, tansyon wo, kolestewòl wo, diferan kalite kansè, ak artroz. Non sèlman kèk nan maladi sa yo vin frekan lakay timoun ak adolesan yo, men yo te vini lakoz New York te klase kòm dezyèm pami eta yo ki gen depans medikal ki gen rapò a obezite. Depans yo te totalize \$11.1 milya nan ane 2009 avèk \$4 milya Medicaid te finanse ak 2.7 milya Medicare te finanse. Prèv sa a sipòte gwo aksan ki mete sou efò pou redwi obezite nan Ajanda Prevansyon 2013-17, plan amelyorasyon sante eta.

Kòm koz obezite konplike e li ka rive nan nivo sosyal, ekonomik, anviwonmantal ak endividyèl, pa gen yon solisyon inik ki sifi pou vire tandans sou epidemi sa a. Efò prevansyon ki gen siksè mande anpil strateji, tankou chanjman nan anviwonman ak règleman lokal ak eta ki sipòte bon jan kalite manje ak lavi aktif epi atenn yon gwo kantite timoun ak granmoun.

Eta New York investi anpil resous pou redwi obezite nan itilize apwòch sante piblik ki baze sou evidans. *Grasa Kreyasyon Inisyativ Lekòl ak Kominote ki ansante*, Depatman sante a pral bay \$6.7 milyon dola chak ane a 25 patnè ansanm avèk pwojè yo toupatou nan eta, sa ki favorize konpòtman dirab ak ansante nan kominote ki defavorize yo. Sa a enkli tout bagay soti nan bay aksè a bon jan kalite manje ki a bon mache nan lekòl yo pou rive a jwenn opòtinite pou pwomote aktivite fizik grasa politik lari ki konplè.

Anplis. investisman sa a pral finanse yon Sant pou Ekselans pou bay edikasyon ak fòmasyon a 25 ajans lokal pou ede yo nan akonpli travay yo nan enplemante inisyativ sa a.

Pou jwenn enfòmasyon anplis sou pwogram ak aktivite prevansyon obezite ki ankou, enkli efò patnè kominotè yo pou kreye kote pou viv, travay ak jwe ki ansante, vizite: <http://www.health.ny.gov/GetFitNYS>

Anpil òganizasyon deja sou teren an nan kominote yo ap travay pou pwomote konpòtman sen e Doktè. Zucker pral patisipe nan plizyè aktivite yo pandan tout semèn Sante Piblik la. Kalandriye vizit la prezante konsa:

Doktè. Zucker ap rankontre avèk manm Club 99 pou montre enpòtans Egzèsis ak Aktivite fizik pou granmoun yo

Jodia, 6 avril

1:00 p.m.

The William Emslie YMCA

585 William St

Buffalo, NY 14206

Dr. Zucker ap rankontre avèk Atlèt Inivèsite Syracuse ak Jèn Lokal yo pou montre enpòtans Aktivite fizik ak sekirite nan espò pou timoun yo

Madi 7 avril

ak 10:30 a.m.

Syracuse Model Neighborhood Facility, Inc.

Southwest Community Center
401 South Avenue
Syracuse, NY 13204

Dr. Zucker ap rankontre avèk manm yo nan kominote a pou montre Enpak bon jan kalite manje sou Sante Piblik

Mèkredi 8 Avril

ak 10:30 a.m.

Capital Roots

8th Street at Hutton Street

Troy, NY 12180

Doktè. Zucker ap Patisipe nan Aktivite Mache Kolaborasyon Sante nan Long Island

Jedi 9 avril

10:00 a.m.

Park Eta Belmont Lake

Southern State Parkway Exit 38

North Babylon, NY 11704

Doktè. Zucker ap rankontre avèk manm yo nan Pwogram Espò adapte nan Lopital Helen Hayes pou montre enpòtans Aktivite Fizik pou moun yo ki gen andikap ak blesi twomatik

Vandredi 10 avril

1:00 p.m.

Helen Hayes Hospital

51 Route 9W N

West Haverstraw, NY 10993

Te premye deklare nan ane 1995, Semèn Nasyonal Sante Piblik se yon inisyativ Asosyasyon Sante Piblik Ameriken. Li pote kominote yo soti nan tout kwen nan peyi a ansanm pandan premye semèn mwa avril la pou rekonèt enpòtans politik sante piblik ak montre pwoblèm ki enpòtan a sante peyi a anjeneral.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://www.nphw.org/>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418